



# - Konseyl sou Entènèt pou Paran



M-DCPS Office of Community Engagement | EngageMiamiDade.net | @CommunityEngagement

## MONTRE JÈN OU AN APRANTISAJ VO PLIS PASE NÒT

Ou pwobableman mande jèn ou an kòman l ap degaje l avèk lekòl. Ou ka mande l kòman klas syans li a ap mache. Oubyen si klas Anglè a ap vin pi fasil.

Men kisa ou vrèman ap mande? Gen plis chans ou vle konnen kijan nòt pitit ou yo ye. Sa se yon enkyetid ki enpòtan, men ankouraje pwosesis aprantisaj la gen menm enpòtans la. Pou montre jèn ou an aprantisaj vo plis pase nòt, mande li kisa li ap aprann:

**Mande l ki liv li ap li.** Kisa li panse de istwa yo? Ki kesyon li te ka poze otè yo?

**Mande l apwopo egzamen li fèk sot pran an.** Men pa mande l ki nòt li fè. Èske li panse egzamen an te yon bon fason pou mezire si l konnen materyèl la byen?

**Mande l apwopo akonplisman li nan aprantisaj.** Kijan li te degaje l avèk pwoblèm syans ki pi difisil li te gen pou l rezoud resamman an?

**Mande l si l te fè kèk eksperyans nan yon klas** ki te chanje fason li panse. Petèt ou ka pataje pwòp eksperyans ou lekòl ki te fè menm efè a sou ou.

Kesyon tankou sa yo montre jèn ou an ou enterese nan sa li ap panse e aprann. Yo montre tou ou enterese nan devlopman li. Toude bagay sa yo ta dwe fè l konnen aprantisaj vo plis toujou pase nòt.



Getty Images

Se prezantasyon



**Lekòl Leta Miami-Dade County**  
<http://www.engagemiamidade.net/>